

Ana ak Tiga Benyen Larivyè



Liv sa a ap ede elèv yo konprann angajman sosyal
ak kowoperasyon kòm fondasyon pou lidèchip

**Ana ak Tiga
Benyen Larivyè**


Tit sa a fè pati seri Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou ti moun ann Ayiti. Ekip sa a gen ladan 1 savan lokal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sisyoloxi, antwopoloji ak reliyion ann Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm sou yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès yo nan domèn sosyal ak emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se : Pwofesè Evelyn Trouillot, Pwofesè Bayyinah Bello, Doktè Charlène Désir ak Doktè Anasthasie Libériste-Osiris. Grafis yo se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. N ap di yo tout yon gwo mèsi pou bèl istwa sa yo – yon gwo mèsi tou pou kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.




Revizyon : MIT-Ayiti





Kad sa a dwe sèvi kòm sous ak gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi ede nan lekòl fondamantal, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl nan istwa peyi nou, Ayiti. Epi tou, travay sa a ofri oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan sektè ledikasyon. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ann Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>.



Chak gran vakans, Ana ak Tiga al pase twa semèn kay Grann Nini ki se manman manman yo. Lap viv yon kote ki rele Koray nan depatman Grand Ans. Wout la long anpil, soti Pòtoprens pou ale kay Grann Nini. Men, ti moun yo pa janm plenyen. Lè y ap vwayaje, yo toujou renmen chita bò fenèt pou yo ka gade lanmè a epi, apre sa, yo dòmi jis yo rive.



Lè ti moun yo rive, yo kontan anpil. Se vakans. Pa gen koze fè devwa, etidye leson. Se manje mango, manje konparèt, manje pwason, manje anpil krab ak langous. Men, sa ti moun yo pi renmen, se lè Grann Nini mennen yo larivyè al benyen. Grann Nini te aprann yo naje lè yo te tou piti paske li konnen yo renmen dlo anpil. Kon sa, kè gran moun yo pi poze.



Yon maten, Tiga leve bonè paske, depi lavèy, Grann Nini te gen tan di yo l ap menmen yo larivyè pou yo benyen. Mesye dam yo ede Grann Nini prepare 2 sak. Nan youn, yo mete sèvyèt ; nan lòt la, yo mete twa gwo moso konparèt, twa boutèy dlo, chapo pou lè y ap tounen paske solèy la pral cho. Apre sa, yo pran chemen an. Sou tout wout la, Ana ak Tiga ap chante. Kè yo kontan, yo tèlman anvi benyen nan larivyè a, yo mache vit. Grann Nini oblige mande yo mache pi dousman paske li gen doulè nan janm, li pa ka mache vit menm jan ak yo.



Men, lè yo rive, se te gwo sezisman. Ni ti moun yo, ni Grann Nini rete kanpe tèlman yo sezi. Grann Nini ak ti moun yo pa ka kwè sa yo wè devan je yo. Tout arebò larivyè a sal ak sache plastik, bwat katon, vye moso twal, rès manje, zo poul... Grann Nini ak ti moun yo pa konn kote pou yo mete pye yo tèlman gen bagay sal sou galèt la.



Grann rele byen fò :

- O o o, mezanmi !!! Sa k pase la a ?

Ana sezi li di :

- O, gade jan la a sal !!!

Tiga mande :

- Nou ta renmen konnen ki moun ki fè sa ?

Ana fè yon soupi :

- Hm m m !!!

Ana pa ka konprann pou ki sa gen moun ki sal yon kote ki bèl kon sa. Tiga souke tèt li pou montre li dezole paske, li menm tou, li pa konprann move zak sa a. Epi li di :

- Sa nou ka fè pou sa, Grann Nini ?

Grann menm pa kapab kenbe, li oblige chache yon gwo wòch pou li chita. Li di :

- Ki sa nou panse nou ka fè, ti zanj mwen yo ? Se sèlman netwayaj nou ka fè menm si nou konnen y ap sal li ankò.

Tiga prese reponn :

- Se pa nou ki sal isit la, non, Grann.

Ana ajoute :

- Li pa jis, non, pou nou peye pou sa lòt moun fè.



Grann Nini fè 2 ti moun yo chita bò kote l epi li di :

– Mwen konprann nou fache, ti moun. Nou gen rezon ! Se moun ki fè sa yo ki pou ta netwaye li. Men, yo pa la. Yo fin banboche, yo ale.

Tiga kwaze 2 bra l sou lestomak li epi li di :

– Se pa byen sa. Se yo ki sal li, se yo ki pou netwaye l.



Grann Nini reponn :

– Men, larivyè a pa pou yo sèl, se pou nou tout. Yo sal li, se vre ! Men, nou menm, èske n ap kite l tou sal ? M ta netwaye l pou kont mwen ; men, nou konnen m gen doulè nan janm, travay sa a ap twòp pou mwen. Mwen p ap ka bese. An tou ka, nou p ap ka benyen nan larivyè a jodi a paske li twò sal.

Ana gade a dwat, li gade a goch epi li di :

– Pèsonn p ap vle benyen la a jodi a. Bò larivyè a twò sal.

Tiga reponn :

– E koleksyon wòch galèt nou an ?

Dlo koule nan je Tiga tèlman sa li wè a se yon desepsyon pou li.



Ana pran men Tiga pou li konsole li. Sa montre nou jan Ana ak Tiga antann yo byen epi youn renmen lòt anpil. Ana konprann sa k ap pase nan tèt Tiga ki mete tèt li sou zepòl grann li. Epi li soupire. Bagay salte bò larivyè a toumante ti moun yo anpil. Tiga soupire : — Gade jan la a sal, Grann. Bagay sa a pa fè m byen ditou.

Ana soupire tou epi li pran yon desizyon :

— Ou gen rezon, Grann. M pral netwaye, paske menm si se pa mwen ki lage tout sache plastik sa yo, larivyè a se pou mwen li ye tou. Fòk mwen pran swen li.



Ana lonje men bay ti frè li. Li di :

– Sa w di Tiga ? Jan nou renmen larivyè a, nou pa ka kite la a sal kon sa.

Tiga leve, li di :

– Nou gen rezon. Se larivyè nou tou, nou pa ka kite l kon sa.

Grann Nini di yo :

– Li bonè toujou ; n ap gen tan benyen epi n ap kapab ranmase bél wòch nan galèt la pou koleksyon nou yo.

Sa w tande a, travay la kòmanse. Grann Nini ede yo jan li kapab. Li jwenn yon vye panyen pay, li pote l bay ti moun yo pou yo ranmase tout fatra k ap trennen bò larivyè a. Apre kèk è d tan, 2, 3 lòt ti moun rive. Lè yo wè sa Ana ak Tiga ap fè, yo mete men tou, epi yo kòmanse ranmase fatra tou. Nan yon ka d è, yo te gen tan ranmase pi fò fatra yo. Lè yo fini, Ana ak Tiga gade bél travay yo fè a, yo kontan paske arebò larivyè a vin pwòp.



Tiga reflechi, li mande Grann li :

– E si moun sa yo tounen demen oubyen lòt moun vin sal la a ankò ?

Ana reflechi tou epi li di lòt ti moun yo :

– An nou fè yon afich pou nou di yo « PA JETE FATRA BÒ LARIVYÈ A ».

PA JETE
FATRA BÒ¹
L'RIVI



Tout ti moun yo dakò ak lide Ana a. Yo kòmanse chèche katon ak planch. Ana pran san li pou li ekri avèk gwo lèt, ki vle di lèt majiskil, « **PA JETE FATRA BÒ LARIVYÈ A** ». Epi lòt ti moun yo kole afich la sou planch lan.

Tiga kontan epi li di :

– Se yon bon lide, Ana. Kon sa, lòt moun ki vini ap konnen pou yo pa jete fatra atè a ankò.



Tout moun bat bravo lakontantman lè yo wè afich la. Grann Nini kontan, li koupe konparèt li te pote yo, li distribye bay tout ti moun yo. Epi yo tout al benyen nan larivyè a.

Aprè sa, Ana ak Tiga gen tan ranmase kat bèl wòch byen won nan galèt la pou koleksyon yo a. Yo kontan anpil. Grann Nini pran men ti pitit pitit li yo, li gade yo epi li di :

– Mwen fyè anpil pou sa nou fè a. Nou fè yon bon aksyon pou kominote a. Sa se yon bèl egzanz nou trase jodi a la a.

Mo vokabilè

Galèt : Anpil ti wòch ki byen ranje bò larivyè ak bò lanmè. Wòch galèt yo lis, tèlman dlo a fè yo fwote youn sou lòt.

Koleksyon : Se lè yon moun ranmase yon seri menm bagay pou li konsève, tankou ti wòch, tenb lapòs, ti machin, pope, e latriye.

Kominote : Yon gwoup moun k ap viv ansanm oubyen ki gen menm enterè.

Konparèt : Yon gato ki fèt nan rejyon Grand Ans. Li gen bon jan epis dous tankou kanèl, jenjanm ak kokoye ladan l. Li tou won.

Kesyon konpreyansyon

- 1 - Ki kote Ana ak Tiga ale chak vakans ?
- 2 - Ki sa Ana ak Tiga te fè pandan yo te nan bis la ?
- 3 - Ki kote grann Ana ak Tiga te renmem mennen yo ?
- 4 - Èske Ana ak Tiga konn naje ? Ki moun ki te montre yo naje ?
- 5 - Ki jan yo te reyaji lè yo wè arebò larivyè a te sal ?
- 6 - Ki sa grann yo te di yo ?
- 7 - Ki premye reyaksyon yo te genyen ?
- 8 - Si se ou ki te nan plas yo, ki jan ou t ap reyaji ?
- 9 - Finalman, ki desizyon yo te pran ?
- 10 - Èske se te yon bon desizyon ?


Estrateji sosyal ak emosyonèl

Kounye a, di mwen ki jan ou ka jere emosyon w lè atant ou pa konble.

- Ki jan w ap jere sa ?
- Ki premye reyakson w ap genyen ?
- Ki estrateji w ap itilize pou rezoud pwoblèm lan ?
- Ki jan ou ka entegre paran w ak lòt moun nan kominate a nan chèche solisyon ?
- Kòman w ap santi w lè ou fin rezoud pwoblèm lan ?



Ana ak TiGa








Dwa d otè @ 2018 pou Sant Global pou developman entegral ti moun piti

Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite
<https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Ana ak Tiga

RASABLE TOUT 7 LIV

Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Dwa d otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti. Tout dwa rezèv. Pèsòn moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmisyón ekri ki soti nan men edité.